

## XI. NYARITA

### A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan nyarita dina basa jeung sastra Sunda katut pangajaranana. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampuh:

- (a) ngeceskeun watesan nyarita,
- (b) ngeceskeun kamampuh nyarita,
- (c) ngeceskeun biantara, jeung
- (d) ngeceskeun bahan ajar nyarita.

### B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung nyarita, nya eta (1) watesan nyarita, (2) kamampuh nyarita, (3) biantara, jeung (4) bahan ajar nyarita. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.

#### 1. Watesan Nyarita

Kegiatan nyarita téh kagolong kénéh kana aspék kaparigelan makéna basa, saperti ngaregepkeun. Dumasar kana tujuanana nyarita téh mangrupa kegiatan pikeun nebarkeun eusi pikiran, gagasan pamaksudan, rasa, ku cara lisan atawa cara nyarita ka nu lian. Ku cara kitu dipiharep nu lian (nu diajak nyarita) atawa anu ngabandungan bisa ngarti kana maksud jeung tujuan anu dilisankeun.

#### 2. Kamampuh Nyarita

Ku kituna, dina widang pangajaran pangajaran nyarita biasana guru sok méré papancén ka salah saurang murid pikeun nyarita, atawa nyaritakeun hiji perkara. Pikeun méré pangajén kana kamampuh atawa kaparigelan nyarita, nu kudu meunang panitén saeutikna ngawengku opat unsur nya éta: (1) lafal atawa ucapan (kaasup vokal, konsonan jeung

intonasi), (2) tatabasa, (3) kabeungharan kecap, jeung (4) Paséhat/lancarna cumarita (Amran Halim, 1982).

Dina budaya Sunda paripolah anu aya patalina jeung nyarita téh nya éta di antarana waé sakumaha anu karékam dina kahirupan sapopoé, boh salaku babasan/paribasa boh salaku kacapangan, saperti nu kaunggel ieu di handap.

- *Basa mah teu meuli ieu.*
- *Basana garihal*
- *Biwir nyiru rombéngeun*
- *Hadé gogog hadé tagog*
- *Hadé tata hadé basa*
- *Hambur bacot murah congcot*
- *Jalma capétang*
- *Jalma daréhdéh*
- *Jalma handap lanyap*
- *Jalma lancang*
- *Jalma perténtang*
- *Jalma saréhséh*
- *Jalma saréwél*
- *Jalma soméah*
- *Jalma songong*
- *Jalma suaban*
- *Kawas kacang ninggang kajang*
- *Ngomongna cowong*
- *Ngomongna pondok nyogok*
- *Ngomongna sabedug sakali*
- *Nyarita ancad laér*
- *Nyarita candaél*
- *Nyarita teureugeus*
- *Nyaritana gewong*
- *Nyaritana paséhat*
- *Sabda kudu diunggang-unggang*
- *Saur kudu diukur-ukur*
- *Teu nyaho tatabasa*

Dina basa Sunda kawilang réa istilah atawa prédikat anu nuduhkeun patalina paripolah nyarita, totondén yén dina hirup kumbuh urang Sunda peta nyarita kungsi jadi ukuran atawa indikator anu kagolong penting pikeun nangtukeun pribadi hiji jalma. Pangpangna upama dipatalikeun jeung tradisi tata campur gaul basa urang dina mangsa béh ditu (Iskandarwassid).

Ulikan ngeunaan tiori nyarita sabenerna mah kaasup kahot pisan. Dina mangsa jaman Yunani kira-kira abad V jeung ka VI saméméh Maséhi, tiori ngeunaan kumaha nyarita di hareupeun balaréa atawa anu disebut pidato téh geus diarulik. Élmun anu nalungtik ieu perkara téh nya éta disebutna *Rétorika*. Numutkeun hartina, rétorika téh nya éta ulikan ngeunaan seni biantara atawa *oratoria*. Nu matak jalma anu pinter pidato

sok disebutna ogé *orator*. Orator nu kamashur, upamana: *Soekarno, Hitler, Kennedy* jsté. Nu pangdeukeutna, Saderek ogé tangtu kungsi ngabandungan kumaha narikna pedaran jeung orasi Kiai Haji Totoh Fattah Gazalli (alm) nalika mantenna nuju da'wah dina basa Sunda.

Corax urang Sirakusa, Yunani (500 tahun Saméméh Maséhi) geus bisa nyindekkeun sistematikana seni biantara, nya éta ieu:

- (1) *Proem*: bagian anu ngandung pedaran jejer biantara;
- (2) *Diegesis*: pangatur dina biantara;
- (3) *Argument*: mangrupa bagian tina biantara anu eusina nebarkeun bukti-bukti atawa fakta-fakta;
- (4) *Parekbasis* atawa *digresio*: wincikan atawa pedaran anu ngarojong kana eusi biantara; jeung
- (5) *Peroratio*: pamungkas.

Dina kamekaran satuluyna retorika tumuwuh jadi élmu biantara jeung seni cara makéna basa. Singgetna mah retorika téh mangrupa téhnik makéna basa pikeun nepikeun gagasan boh ku lisan boh ku tulisan kalawan didadasaran ku pangaweruh anu ngaruntuy kalawan éntép seureuh (Keraf, 1985).

Numutkeun kamekaranana, biantara lain sakadar nyarita nepikeun gagasan kalawan tatag tur pinuh sumanget, sarta henteu ngan wungkul mampuh nepikeun gagasan kalawan basa anu sarwa éndah, tapi nu puguh mah nyarita atawa biantara téh mangrupa hiji prosés komunikasi. Ari anu di sebut komunikasi nya éta hiji prosés nepikeun informasi kalawan jéntré tur matak babari kahartina.

Komunikasi umumna mah mangrupa pagawéan nepikeun informasi antarjalma, nya éta ayana *komunikator* jeung *komunikan*, nyatana ayana anu nepikeun informasi jeung anu narima informasi. Tegesna mah aya anu nyarita jeung aya anu ngaregepkeun.

Sangkan informasi anu dilisankeun bisa nepi kalawan luyu jeung anu dimaksud, tinangtu mibutuh pasaratan nya éta nyumponan padika-padika cara nepikeun éta informasi. Sok sanajan sakumaha hadéna gagasan atawa informasi, tapi upama teu bisa nepikeunana tanwandé éta gagasan téh moal nepi ka nu dimaksud, atawa bisa jadi ngabalukarkeun salah harti (*misunderstanding*). Teu saeutik conto dina kahirupan sapopoé loba kasalahan nepikeun informasi pamustunganana ngabalukarkeun kajadian atawa hal-hal anu teu dipiharep. Tegesna mah upama salah nepikeun informasi maksud hadé bisa jadi goréng.

Ku kituna, dina prosés nepikeun informasi lisan salian ti kudu nyangkem pangaweruh basa, ogé kudu nyumponan pasaratan séjén, di antarana waé, nya éta:

- a. kawani nepikeun gagasan atawa pamadegan;
- b. nepikeun gagasan kalawan anteb (tenang);
- c. mampuh cumarita kalawan lancar; jeung
- d. némbongkeun paripolah anu teu kaku, luwes.

### **3. Biantara**

#### **a. Watesan Biantara**

Biantara atawa pidato nya éta nyarita di hareupeun balaréa. Dina biantara anu nyarita mangrupa tokoh anu jadi puseur paninggal balaréa. Teu béda jeung artis anu keur manggung, sakur ucap jeung paripolah nu nyarita teu leupas tina panitén pamiarsa (balaréa). Maksud jeung tujuan biantara nya éta teu ngan saukur jadi tontonan tapi ngandung tujuan pikeun nepikeun gagasan atawa eusi pikiran anu kudu kaharti.

Aya bédana antara nyarita dina paguneman jeung nyarita dina biantara. Dina biantara mah henteu pacéntal-céntal. Nu biantara mah jongjon nyarita nepikeun gagasan atawa eusi pikiran, paregep jongjon ngaregepkeun nepi ka réngséna. Ku kituna, nyarita dina biantara mah mérédih pasaratan anu béda jeung paguneman, lain baé kudu mibanda kamampuh makéna basa tapi ogé rupa-rupa kamampuh saluareun basa, kayaning: wantér, tenang, katut gerak- gerak ni matak narik ati.

#### **b. Sarat jeung Gunana Biantara**

Hal anu kudu ditengetkeun dina biantara, nya éta:

- (1) kudu tenget kana pamapag pamiarsa kana pedaran urang;
- (2) udagan utama nya éta sangkan pamiarsa ngarti kana maksud pedaran;
- (3) kudu aya karep ngaluyukeun sarta fléksibel dina midangkeun pedaran;
- (4) kudu ngaheulakeun *interest* (perhatian; pangresep) pamiarsa.

Kamampuh biantara (orator) geus tangtu loba gunana jeung gedé pangaruhna dina kahirupan sapopoé. Ku kamampuh biantara baris bisa mangaruhan balaréa. Loba conto dina kahirupan, kumaha seukeutna pangaruh biantara lain baé bisa mangaruhan sikep jeung pamadegan hirup, tapi ogé tujuan. Ku kamampuh biantara bisa ngagedurkeun sumanget, bisa nungtun balaréa pikeun ngalaksanakeun tujuan anu geus ditangtukeun jsté. Pikeun guru mah kamampuh biantara téh kawilang

penting pisan, pangpangna pikeun ngajéntrékeun eusi pikiran, jeung pikeun medar pangajaran.

Dina nyarita biantara mah teu bisa ujug-ujug pok kitu baé tapi ti saméméhna kudu dirarancang jeung disiapkeun heula bahan picaritaunana jeung pasaratan séjénna. Teu béda jeung tatan-tatan dina waktu nyusun bahan tinulis, bédana téh ari dina biantara mah, nya éta: eusi pikiran ditepikeun kalawan langsung; dilisankeun tur adu hareupan; jeung pamiarsa daék teu daék kudu nuturkeun (ngabandungan) pedaran kalawan sistematika sakumaha anu ditepikeun ku nu biantara.

### c. Kamampuh Biantara

Dina biantara, *interést* (perhatian; pangaresep) pamiarsa baris katangén naha di antara urang téh meunang *interést* anu hadé atawa sabalikna. Ieu hal kaasup penting pikeun ditiénan, sabab nu jadi udagan téh pikeun nepikeun eusi pikiran. Upamana pamiarsa henteu mikaresep kana biantara anu ditepikeun, tanwandé udagan pikeun nepikeun eusi pikiran ogé moal nyugemakeun. Hadé henteuna *interést* bisa katangén upama salila biantara:

- (a) pamiarsa jempling, henteu galideur témbong sorot rasa hormat, saregep;
- (b) témbong éksprési roman anu wajar, nyirikeun keur ngabandungan;
- (c) pamiarsa némbongkeun réson-réson séjén anu merenah (bareng seuri, bareng keprok);
- (d) pamiarsa ngasongkeun panalék anu keuna (henteu méngpar), boh ménta ngajembaran boh ménta ngécéskeun deui dina sawatara hal atawa kacindekan; jeung
- (e) pamiarsa némbongkeun sopan santun anu wajar dina waktu nanya. (Iskandarwassid,1987)

Nu ditataan di luhur téh kakara gurat badagna wungkul. Dina prakna mah masih kénéh réa unak-anik jeung masalah séjénna boh anu patali jeung paktor basa boh anu disaluareun basa. Anu dimaksud faktor saluareun basa téh nya éta:

#### 1) Gugup (*geumpeur*)

Dina nyarita biantara, faktor gugup (*nervous*) téh kacida jadi matak halangan tur gedé pangaruhna. Teu saeutik jalma anu keur biantara sok tuluy rampang-reumpeung lantaran teu bisa nungkulan rasa gugup.

Pangpangna pikeun anu kakara kudu nyarita hareupeun balaréa. Ku kituna, rasa gugup atawa geumpeur téh kudu diungkulan sangkan nyarita bisa lancar tur eusi pikiran sagemblengna.

## 2) *Sora*

Dina nyarita, utamana biantara, sora atawa ucapan pohara pentingna lantaran baris mangaruhan kana hasil henteuna nyarita. Sawatara pasaratan anu kudu ditengenat atawa diperhatikeun dina waktu nyarita, di antarana:

- (1) bedas launna sora ogé matak gedé pangaruhna kana lancarana komunikasi dina biantara ulah bedas teuing ulah laun teuing. Ku kituna, kudu bisa ngatur bedas launna sora (dinamika).
- (2) Ulah norostos teuing (*kawas kacang ninggang kajang*) ulah anca teuing (candaél), jadi kudu sineger tengah.
- (3) Dina palebah randegan, kudu bisa ngukur lilana ngarandeg. Sarta kudu merenah palebah mana kuduna ngarandeg.
- (4) Dina ngedalkeun (nyorakeun) kecap kudu béntés (paséhat) ulah nepi ka ngosom atawa ngirung, unggal kecap dikedalkeun kalawan tétés.
- (5) Palebah kekecapan anu tangtu bisaana sok aya nada anu béda (*stressing*), pangpangna dina nekenkeun hal anu mibutuh panitén ti pamiarsa
- (6) Biantara anu kawilang hadé mah nya éta anu dirojong ku éksprési. Upama tujuannana pikeun ngahudang sumanget, tangtu kudu bari némbongkeun éksprési sumanget. Kitu deui upamana palebah ungkara anu eusina ngobét rasa (haté) geus tangtu dina nepikeunana ogé kudu béda. Ku kituna, biantara kudu dibarengan ku éksprési anu luyu jeung eusi pedaran.

## 3) *Gaya (Tagog)*

Gaya atawa tagog (penampilan) mangrupa faktor anu kawilang penting tur nu kudu diéstokeun pisan dina biantara. Pikeun narik simpati atawa interés ti pamiarsa, faktor gaya mangrupa hal anu pangheulana. Sok rajeun aya anu biantara méméh prung geus teu dipikaresep lantaran gayana henteu pikaresepeun, atawa sabalikna méméh prung geus matak narik ati lantaran katempo gayana wuwuh matak pikaresepeun (simpati). Ku kituna, kawilang penting ngéstokeun; pakéan, gerak-gerik jsté.

#### 4) *Bahan*

Faktor penting anu kudu diéstokeun dina biantara nya eta bahan (materi) pedaran. Anu patali jeung bahan biantara teh, di antarana, jejer (topik). Jejer atawa topik mangrupa pasualan anu kudu meunang panitén, sabab jejer mah bakal aya patalina jeung maksud sarta tujuan biantara. Ku kituna, jejer kudu leuwih ti heula dipikiran saméméh ngarancang nyieun pedaran.

Sawatara hal anu kudu ditengengetan dina milih jejer nya éta:

- a. jejer kudu nu geus kacangkem: leuwih hadé upama saméméhna nalungtik heula ngeunaan jejer nu rék dipedar boh tina studi pustaka boh tina informasi séjénna.
- b. Sawadina jejer téh salian ti kacangkem ogé mangrupa jejer anu dipikaresep. Mamalana upama jejer éta teu dipikaresep atawa teu kacangkem, dina prakna biantara bakal méngkol kana jejer séjén atawa ngaco nyarita nu lain-lain.
- c. Jejer atawa topik mangrupa jejer anu dipibutuh atawa dipikaresep ku pamiarsa. Jejer anu méréneh baris meunang interés anu gedé ti batan jejer anu teu dipikahayang atawa teu dipikaresep ku pamiarsa. Ku kituna, sabisa-bisa jejer biantara téh luyu jeung jejer anu dipibutuh ku pamiarsa.
- d. Pedaran ulah ngayayay nepi ka matak bosen anu ngaregepkeun atawa sabalikna pedaran lega teuing ambahanana nepi teu kaudag ku panalar (pangaweruh) pamiarsa. Bakal leuwih hadé upama pedaran téh ringkes tur munel (spesifik).

#### 5) *Waktu Biantara*

Hal séjén anu kudu ditengengetan nya éta ngeunaan waktu pedaran. Pedaran diluyukeun jeung waktu anu disadiakeun. Kudu bisa ngukur sangkan pedaran réngsé dina waktuna. Sabab lamun pedaran ngaleuwihan waktuna, interés pamiarsa bakal ngurangan.

### **4. Bahan Ajar Nyarita**

#### **a. Kriteria Milih Bahan Pangajaran Nyarita**

Bahan pembelajaran nyarita téh kudu mangrupa wacana guneman (dialog), nu eusina kudu winangun kajian informasi anu diwadahan ku téma pembelajaran. Pikeun nangtukeun legana ambahan téma nyarita téh gumantung kana kalungguhan (téma) wacana nyarita. Ari téma téh

mangrupa dasar pedaran anu ngajiwaan sakumna aktivitas pangajaran. Maksudna taya lian sangkan situasi pangajaran téh karasa hegar (hirup).

Kumaha patalina antara téma jeung kamaheran basa, utamana kamaheran nyarita? Lamun téma mangrupa dasar sakabeh pedaran, tangtu baé kamaheran nyarita kudu mangrupa sarana atawa tempat anu ngawadahan téma. Tegesna mah, wacana nyarita téh salawasna kudu luyu jeung téma anu diperedih ku kurikulum.

## **b. Conto Biantara**

Assalamualaikum Wr.Wb.

Ibu miwah bapa anu sami lenggah, hadirin anu sami linggih nu ku sim kuring dipiasih tur dipiajrih.

Sateuacanna sim kuring ngabaladah medar tutungkusan kolbu luyu sareng téma anu baris didugikeun nya éta: “Tarékah Nyingkahan Narkoba”, bawiraos asa teu aya lepatna upami dina lolongkrang ayeuna, urang sami-sami namper-keun ati sanubari kana murah asihna Gusti Nu Mahasuci, anu murbawisésa alam mayapada katut sanés kanten mahluk ciptaannana. Margi mung ku pangersa Mantenna urang tiasa nampi pirang-pirang kabagjaan, kani’matan, utamina nikmat Islam sareng nikmat iman.

Hadirin anu sami linggih, nu ku sim kuring dipiasih.

Kapalay saban jalma upami ditiénan moal aya béntenna. Manahoréng geuning ari dina kanyataannana mah henteu gampang, namung meryogikeun tarékah anu dirojong ku karancagéan anu panceg luyu sareng adeg-adeg ugeran kahirupan urang. Seug komo di mangsa kiwari lakuning hirup urang munggran nété kana hambalan nincak alam kasajagatan tempat ngaplak ngamparna dunya anu sakieu lega, ku pangaruh kamekaran budaya jaman. Anu tangtos pangrobéda kana kahirupan langkung nerekabna ku pangaruh budaya hirup.

Balukarna luyu sareng kanyataan, tos seueur rumaja urang anu tinggurawil kana jungkrang kahinaan, alatan teu asak jeujeuhan. Pangaruh budaya deungeun kana kahirupan Ki Sunda tos karaos héabna, utamina di sabudeureun kahirupan nonoman harepan bangsa. Buktosna tos seueur rumaja urang, anu ngaraos asa ginding upami tos tiasa ngahariring lagu asing, ti batan kedah ngahariring dangding nu dipirig ku kacapi suling. Ku kirangna wiwaha dina ngasuh lakuna nu mung sapanyepahan, seueur



milampah tuangeun sareng leueuteun anu matak marudah sarta jiwa owah, lali ka purwadumadi anu langkung dipikawanoh ku sebatan “Narkoba/Narkotik”.

Enggoning urang hirup kumbuh, hususna para rumaja, umumna urang sadayana, ulah caliweura dina milih pergaulan. Malihan mah kedah “sodom araning baraja, sakundang araning geni”, margi seueur pisan pangaruh négatif nu nyosok ka tatar Sunda.

Hal ieu mah langkung parna balukarna margi mangrupi bibit buit tumuwuhna rupi-rupi berewit dina rupining widang kahirupan. Hanjakalna téh nu karituna anu gampil tumerap kana sawatara adat, sipat, tur tabéat nonoman Sunda ayeuna. Naha teu tiasa anu saéna anu ditiron téh?

Kanggo insan nu mibanda pikir rangkepan mah, tangtosna ku ningal galagat nerekabna obat sétan nu matak siga édan, matak hariwang. Ku kituna, kedah énggal ngaronjatkeun tarékah dina nyegahna, anu didadaskan ku paheuyeuk-heuyeuk leungeun, papuntang-puntang panangan, samiuk sabilulungan, di antara kulawarga, masarakat, sakola, ulama, sareng aparat sanésna, anu tetep miharep katengtreman sareng katingtriman dina ngambahkahirupan.

Atuh para nonoman nyalira kedah tiasa numuwuhkeun kasabaran sareng kasadaran dina meruhkeun lajuning laku nu dikawasa ku hawa napsu. Margi alatan mirukaan narkoba, balukarna bakal parna, di antawisna:

- (1) diri lali ka purwadumadi,
- (2) lampah marudah siga nu owah,
- (3) raga lara alatan lebet panjara,
- (4) panalar hamo motékar, sarumpeg tur leuir pikir,
- (5) hirup henteu hurip, diri beberewit tur ririwit.

Mun geus kitu, jadi linglung kapahung, tuluy bingung ngagugunung teu manggih tungtung. Jalma anu narkoba, balukarna sok ngarempak sara, aturan agama jeung darigama. Tungtungna hirupna katalangsara, dunya ahérat sangsara.

Urang ulah ngan sakadar ngudag kabagjaan dunya lantaran hamo langgengna. Ayeuna ngagandeuang bari ngahaleuang, saha nu apal jaga mah asup naraka. Dinten ieu bisa ngahariring, dinten énjing

kumareumbing. Kiwari sugih mukti, saha nu uninga énjingna dipapag pati.

Namung, prung geura padudungdung, prak singkahan narkoba. Ti kiwari urang tékadkeun dina ati sanubari, ti ayeuna urang hontal bagja dunya bagja ahératna.

Sakitu anu kapihatur, tutus langkung kepang halang, bobo sapanon carang sapakan, hapunten anu kasuhun. Mugia sanaos mung alakadarna, aya mangpaatna kanggo urang sadayana.

Wassalamualaikum wr. wb.

### C. RANGKUMAN

Nyarita téh mangrupa kagiatan pikeun nebarkeun eusi pikiran, gagasan pamaksudan, rasa, ku cara lisan atawa cara nyarita ka nu lian. Ku cara kitu dipiharep nu lian (nu diajak nyarita) atawa anu ngabandungan bisa ngarti kana maksud jeung tujuan anu dilisankeun.

Pikeun méré pangajén kana kamampuh atawa kaparigelan nyarita, nu kudu meunang panitén saeutikna ngawengku opat unsur nya éta: (a) lafal atawa ucapan (kaasup vokal, konsonan jeung intonasi), (b) Tatabasa, (c) Kabeungharan kecap, jeung (d) Paséhat/lancarna cumarita (Amran Halim, 1982).

Biantara atawa pidato nya éta nyarita di hareupeun balaréa. Aya bédana antara nyarita dina paguneman jeung nyarita dina biantara. Ku kituna aya sababaraha hal anu kudu ditengetkeun dina biantara, nya éta: (1) kudu tenget kana pamapag pamiarsa kana pedaran urang; (2) udagan utama nya éta sangkan pamiarsa ngarti kana maksud pedaran; (3) kudu aya karep ngaluyukeun sarta fléksibel dina midangkeun pedaran: jeung (4) kudu ngaheulakeun *interest* (perhatian; pangresep) pamiarsa.

Bahan pembelajaran nyarita téh kudu mangrupa wacana guneman (dialog), nu eusina kudu winangun kajian informasi anu diwadahan ku téma pembelajaran. Ari téma téh mangrupa dasar pedaran anu ngajiwaan sakumna aktivitas pangajaran. Maksudna taya lian sangkan situasi pangajaran téh karasa hegar (hirup).

#### **D. LATIHAN**

- (1) Cing pek eceskeun kumaha watesan nyarita teh?
- (2) Ngawengku naon wae kamampuh dina nyarita teh?
- (3) Cing pek teangan harti pakeman basa di handap ieu!
  - a. Biwir nyiru rombengeun
  - b. Hade gogog hade tagog
  - c. Hambur bacor murah congcoot
  - d. Handap lanyap
  - e. Abong biwir teu diwengku
- (4) Larapkeun kana kalimah pakeman basa di handap!
  - a. Ngomongna sabedug sakali
  - b. Teu nyaho ditatakrama
  - c. Kawas kacang ninggang kajang
  - d. Hade tata hade basa
  - e. Sabada kudu diunggang-unggang, saur kudu diukur-ukur
- (5) Naon anu disebut biantara?
- (6) Naon cirina yen salila urang biantara teh meunang interest?
- (7) Aya bedana antara paguneman dina nyarita jeung biantara. Pek jentrekeun!
- (8) Hal-hal naon wae nu kudu diperhatikeun upama urang rek biantara?
- (9) Faktor naon wae nu kudu dititinan patalina jeung bahan (materi) pedaran dina biantara?
- (10) Kumaha kriteria milih bahan pangajaran nyarita?